TIDAK DIPERJUALBELIKAN
Proyek Bahan Pustaka Lokal Konten Berbasis Etnis Nusantara
Perpustakaan Nasional, 2011

Tien Kustini Maskar

DONGENG KEUR BARUDAK



PNRI
bp Balai Pustaka

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

DONGENG
KEUR BARUDAK

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

TIDAK DIPERJUALBELIKAN
Proyek Bahan Pustaka Lokal Konten Berbasis Etnis Nusantara
Perpustakaan Nasional, 2011

Dongeng Keur Barudak

anggitan
TIEN KUSTINI MASKAR

Perpustakaan Nasional
Republik Indonesia
Balai Pustaka

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Dikaluarkeun jeung Dicitak ku
Perum BALAI PUSTAKA

BP No. 3376

Hak nu ngarang ditangtayungan ku undang-undang

Cetakan kahiji — 1988

398.5
Mas
d

Maskar, Tien Kustini
Dongeng keur barudak / anggitan Tien Kustini Maskar. -- cet 1. -- Jakarta : Balai Pustaka, 1988.
56 hai. ; 21 cm. - (Seri BP no. 3376)

Dalam Bahasa Sunda.

1. Dongeng (Anak-anak). I. Judul. II. Seri.

ISBN 979 — 407 — 134 — X

Gambar Kulit jeung gambar-gambar kenging: **Maulana Yusuf**

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PIHATUR

Dongeng keur Barudak rakitan Tien Kustini Maskar mangrupa kumpulan dongeng-dongeng parondok nu geus ngamasarakat di tatar Sunda.

Dongeng-dongeng model kitu geus biasa didongengkeun ku para sepuh barí mepende samemeh sare. Tokoh-tokohna sato maksudna ambeh gampang nerap ka barudak.

Kabeh dieunakeun Tien Kustini Maskar ngagarap dongeng-dongeng pondok zaman kaayeunakeun abad modern tina sastra Daerahna (sastra Asia nu meh sarupa), eunteung laku lampah manusa, hade gorengna manusa dijentrekeun ku Tien Kustini Maskar dina wujud (para pelakuna) sato hewan.

Pikeun nambah budaya Bangsa hade pisan buku ieu, dipibanda ku para nonoman nu masih micinta bacaan Sunda zaman kiwari.

Balai Pustaka

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

EUSINA

Pihatur 5

1. Naon Sababna Manuk Beo Bisa Nurutan Omongan Manusa (Muangthai) 9
2. Sakadang Peucang (Indonesia) 14
3. Kuya Jeung Monyet (Philipina) 18
4. Paderi Jeung Tangkal Per (Tiongkok) 24
5. Dongeng Opat Jajak (Birma) 28
6. Perak Dina Tungku Dapur (Afghanistan) 33
7. Tukang Pot anu Wanian (India) 36
8. Kuda anu Ninggalkeun Dunungannana (Yemen) 43
9. Hotbah Imam Hoja (Turki) 48
10. Jarum anu Ngageter (Iran) 51
11. Buntut Oray Naga St. George (Libanon) 54

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

1

NAON SABABNA MANUK BEO BISA NURUTAN OMONGAN MANUSA (Muangthai)

Jaman baheula mah anu sok dipiara jeung diajak ngomong teh lain manuk Beo, tapi Nuri. Sabab Nuri teh hiji manuk leutik tapi kacida pinterna nurutan omong manusa. Upama aya nu ngobrol teh sok tuluy diturutan kalayan eces pisan. Tapi oge lain sakadar nurutan wungkul kadangkala bisa ngomong cek pikirannana sorangan.

Tapi dina hiji poe jadi robah. Kieu caritana;

Aya hiji Patani nyaeta anu boga manuk Nuri tea, maling munding nu tatanggana. Eta munding teh dipeuncit, tuluy dagingna dikeureutan. Sawareh diasakan keur dahareun. Sawareh deui diteundeun dina leuit paranti neundeun pare. Isukna tatanggana gehger leungiteun munding. Nya nanyakeun ka Patani tea.

"Ki Silah, henteu ningali munding kuring? Puguh leupas kamari teh. Diteangan weleh teu kapanggih!" Omong tatanggana jiga nu bingungeun pisan.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

"Ih, henteu, teu aya munding leupas ka dieu." Patani ngangles.

Tapi ari pok teh Nuri ngomong mani bentes pisan.

"Dipaehan ku dunungan kuring, dagingna sawareh didahar sesana disumputkeun dina leuit." Ngadenge kitu tatanggana panasaran hayang ngabuktikeun, tuluy neangan ka tempat sapanuduhan Nuri. Enya bae di dinya aya daging. Patani kekepehan ngangles.

"Atuda eta mah paranti biasana neundeun daging. Barina oge eta mah lain daging munding tapi daging sapi!" Kakara oge Patani tamat nyaritana. Pok deui Nuri ngomong.

"Ku manehna dipeuncit tuluy dagingna sawareh didahar, sawareh deui disumputkeun dina leuit." Pokna.

Tatangga patani kacida bingungeunnana. Kudu percaya ka saha? Naha percaya ka manuk atawa ka manusa? Nya ahirna indit ka Pangadilan.

"Piraku maranehna rek percaya keneh ka manuk batan ka manusa." Cek Patani nu maling munding dina jero hatena. Nuri teh ku manehna ditewak tuluy dikerem dina baskom kuningan. Tuluy eta baskom teh ditakol lalaunan, beuki lila beuki tarik nurutan sora guludug. Cur bae dibanjuran nurutan sora hujan. Sapeupeuting eta Patani manjuran baskom teh. Isuk-isuk manuk teh dipindahkeun deui kana kurungna.

Basa dipariksa di Pangadilan Nuri teh dibawa. Tatangga nu boga munding tea, nyaritakeun sakumaha anu kajadian kamari di imah Patani.

Hakim nitah Nuri nyarita deui kawas kamari. Pok Nuri nyarita.

"Ku dunungan kuring dipeuncit, dagingna sawareh didahar, sawareh deui disumputkeun dina leuit." Pokna hareupeun Hakim.

"Daging anu dina leuit mah daging sapi. Naha Pa Hakim

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

langkung percanten ka manuk batan ka kuring?!" Omong Patani.

"Atuda Nuri mah manuk anu pinter." Walon Hakim.

"Ah, Si Nuri mah sok ngabohong. Mangga bae geura taros kumaha kaayaan alam wengi tadi!" Omong Patani.

Hakim nanya ka Nuri kumaha kaayaan peuting tadi.

"Poek pisan, angin ngagelebug, hujan gede pisan jeung gelap dor-dar." Omong Nuri.

"Tuh geuning, apan wengi teh bulan moncorong, bentang baranang, angin leutik ngahiliwir ..." Patani netelakeun ka sakabeh nu ngariung di Pangadilan. Puguh bae kabeh jelema teh percaya yen Nuri teh bohong.

"Enya anjeun teh teu salah Patani ana kitu mah. Jadi manuk Nuri bisa nyilakakeun saperti kajadian ieu. Numatak ti mimiti poe ieu Nuri teu meunang dipiara di imah bari dianggap sato nu bisa dipercaya!" Omong Hakim mutuskeun perkara. Patani anu maling munding dibebaskeun. Manuk Nuri diusir ka leuweung. Ti harita Nuri hirup di leuweung saperti baheula samemeh manehna wawuh jeung jelema. Ayeuna manehna teu ngagantungkeun hirupna ka manusa. Manehna kudu bisa ngajaga diri ti sato galak nu sok ngamangsa. Oge kudu bisa neangan dahareun sorangan. Tapi ayeuna hirupna bebas teu dikungkung dina kurung anu heurin. Manehna bisa kumalayang ngapak mega atawa nyirorot ka handap bari suka ati.

Dina hiji poe Nuri papanggih jeung manuk anyar. Awakna leuwih gede ti manehna. Eta manuk teh ku manehna diajak ngobrol.

"Ngaran kuring Beo!" Pokna ka Nuri.

"Kuring urang wetan, tapi ayeuna rek cicing di dieu. Rek tetep-tumetep di dieu. Kuring bisa nyarita jiga manusa!" Beo nyaritakeun kabisana.

"Bagea Ki Silah, kuring kacida bungahna boga batur cacarita. Tapi kusabab Ki Silah mah anyar keneh di ieu tem-

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

pat, tinangtu can nyaho kaayaan anu sabenerna. Kusabab kitu kuring rek mere pepeling. Sugan jeung sugan mangpa'at keur Ki Silah jaganing geto. Bisi hiji mangsa Ki Silah beunang ku manusa. Kuring oge bisa nyarita kawas manusa. Malah mang taun-taun dipiara ku manusa. Kuring ngadenge ku ceuli sorangan, nenjo ku panon sorangan naon anu kajadian di sakurilingeun kuring. Tapi ana kuring nyaritakeun anu sabenerna, manusa teu hayangeun ngadenge. Malah kalah miceuceub ka kuring. Numatak kuring aya di dieu oge. Tah kitu. Numatak omat jaga lamun anjeun hirup kumbuh jeung manusa, ulah pisan ngaluarkeun pikiran sorangan. Turutan bae sakur anu diomongkeun ku maranehna. Tinangtu bakal dipikanyaah ku manusa, dimemenan, dipiara. Sabab manusa mah resepeun keneh pikirannana diturutan. Maranehna teu resepeun kana bebeneran anu asalna tinu sejen, komo deui ti sato sabangsa kuring. Tah kitu, Ki Silah! pepeling ti kuring teh ...!" Omong Nuri ka Manuk Beo.

"Nuhun pisan kana pepeling Ki Silah, ku kuring katarima pisan!" Walon sakadang Beo.

Ti harita Beo jeung Nuri kacida nyobatna. Hihiberan duaan, barang dahar duaan. Tapi dina hiji mangsa, enya bae manuk beo teh katewak ku manusa keur nginum di wahangan. Beo teu bisa walakaya sabab manusa rea akalna. Manehna dikurungan kawas Nuri baheula. Manuk Beo inget kana pepeling sobatna. Manehna teu wanieun ngomong nurutkeun pikiran sorangan, ngan saukur nurutan omongan manusa. Sabab sieuneun ku manusa. Saleuheung lamun diusir, malah atoh nu aya. Età bae sok sieun ditandasa. Enya bae manehna dimemenan ku manusa. Dahar kari am, nginum kari rot. Ngan ari pikirannana angger kumalayang ka sobatna. Manehna tibelat ka leuweung jeung ka alam anu lega. Langit anu bulao paranti manehna hihiberan jeung sobatna. Ayeuna mah saukur katingal tina sela-sela kurung.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Manehna inget ka sobatna Nuri anu hirup laluasa ái alam anu lega. Keur manehna mah ayeuna ngan kari paneungan.

"Pileuleuyan ki sobat!" Gerentes hatena. Panonna neuteup kanu jauh tina sela-sela kurung anu heureut.

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

10

SAKADANG PEUCANG (Indonesia)

Dina hiji mangsa, sakadang Peucang ngaliwat ka hareupeun imah Patani. Pangangguran sakadang Peucang noong tina sela-sela panto anu muka. Kabeneran keur nyampak suwung da Patani keur digawe di kebon.

Sanggeus nyaho teu aya sasaha, sakadang Peucang asup ka imah Patani. Di dapur sakadang Peucang manggih dahareun anu dibungkus ku daun cau. Ku sakadang Peucang eta bungkusan teh digegel, tuluy dibawa lumpat. Sajajalan eta dahareun teh didahar bari leumpang. Nepi ka teu nolih kana tincakeun. Teu nyahoeun yen di hareupeunnana aya sumur geutah anu kawilang jero. Sakadang Peucang kacida reuwaseunnana. Sabab sanajan manehna jago lumpat oge ari sumur anu jero kitu mah ngarasa teu untupan. Ayeuna manehna geus aya di jero sumur geutah. Tungtungna brek bae diuk, neangan akal. Bungkusan anu digegel tadi ayeuna geus kosong tinggal daunna. Cek dicekel tamba kesel.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

"Duh Gusti Alloh nu agung!" Pokna bari mulak-malik daun cau. Basa sakadang Peucang ngucapkeun kitu, lar aya sakadang Bagong liwat. Ngadenge kitu sakadang Bagong panasaran nempo kana sumur geutah,

"Saha anu ngucapkeun asmana Alloh?!" Pok sakadang Bagong nanya. Tapi sakadang Peucang jongjon bae mulak malik daun cau bari api-api keur maca.

"Dengekeun sakabeh mahluk Alloh, dawuhan Gusti Alloh, dina poe ieu pisan datangna poe kiamat. Sing saha anu hayang salamet tina bahaya maot kudu nyalindung dina sumur ieu!"

"Cek saha ayeuna poe kiamat?!" Sakadang Bagong nanya.

"Naha teu kadenge kitu anu tadi dibaca dina kitab suci ieu?!" Cek sakadang Peucang rada ambek.

"Nu bener sakadang Peucang?!"

"Naha silaing teu percaya kana dawuhan Gusti Alloh?!" Sakadang Peucang ngagorowok.

"Ih percaya pisan, atuh kuring oge rek asup kana sumur ngahiji jeung Ki Silah." Sakadang Bagong rek tuturubun.

"Is, teu meunang!"

"Naha kunaon make teu meunang?!"

"Sumur ieu mah keur mahluk suci wungkul!" Omong sakadang Peucang.

"Apan kuring oge suci!"

"Ah henteu, sabab silaing mah sok beresin bae!" Sakadang Peucang apilain.

"Ih moal, moal beresin kuring mah sumpah daek!" Sakadang Bagong hemar-hemir.

"Dawuhan Gusti Alloh dina ieu kitab, saha-saha anu beresin teu meunang asup, sabab ngotoran ieu tempat. Kusabab kitu kudu gancang dikaluarkeun!"

"Moal, kuring moal beresin. Kuring rek turun ka dinya." Bari jleng luncat, turun kana jero sumur. Sakadang Peu-

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

cang nuluykeun macana. Sakadang Maung nu kabeneran ngaliwat. Sakadang Maung nempo ka sumur.

"Saha anu ngucapkeun asmana Alloh?" Maung nanya.

"Poe ieu dunya bakal k'iamat!" Sakadang Bagong ngajawab.

"Sakadang Peucang maca tina kitab suri!" Pokna deui.

"Geuning età kalah nyarumput di dinya?!" Sakadang Maung nanya deui. Tuluy sakadang Peucang teh maca deui bari rada ditarikkeun.

"Tah kitu numatak kuring duaan aya di dieu oge!" Cek sakadang Bagong.

"Ah, ari kitu mah kuring oge rek milu jeung Ki Silah!"

"Ulah, ulah pisan bisi ngotoran tempat suci ieu sabab anjeun mah sok beresin!" Jawab sakadang Bagong. Sakadang Peucang maca deui.

"Sing saha anu beresin di sumur ieu, kudu dialungkeun ka luar!"

"Tapi kuring mah moal beresin." Omong sakadang Maung bari jrut turun kana sumur. Sakadang Peucang maca deui. Lar sakadang Gajah liwat.

"Saha anu maca dawuhan Alloh anu suci teh, jeung gawe naon aya dina sumur geutah?!" Sakadang Gajah nanya.

"Apan ayeuna teh poe kiamat!" jawab sakadang Bagong jeung sakadang Maung meh bareng.

"Jeung sing saha nu nyumput di tempat ieu bakal salamet." Pokna.

"Naha enya kitu?!" Gajah rada teu percayaeun.

"Ih, naha teu percaya, geura tuh ayeuna geus mimiti langit runtuh, geura pek taranggah!" Omong sakadang Peucang. Tiluannana taranggah. Di luhur mega bodas leumpang kaanginkeun. Sabrehan mah jiga langit nu rek runtuh. Sakadang Gajah kacida sieuneunnana.

"Kuring oge rek milu nyumput ka dinya!" Cek Gajah.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

"Teu meunang, sabab silaing mah sok beresin bae. Mangkaning beresinna sok tarik. Sanajan beresinna saetik oge bakal ngotoran tempat ieu." Omong sakadang Peucang.

"Moal, ayeuna mah moal beresin!" Bari jleng luncat ka handap.

Ayeuna mah dina sumur geutah teh aya opatan. Sanggeus sawatara lilana, sakadang Peucang ret ngareret sakadang Gajah.

"Kaluar! silaing mah jiga rek beresin."

"Moal, numatak tulale diacungkeun oge, ambeh teu beresin!"

"Sugan rek beresin!" cek sakadang Peucang bari ret ka sakadang Maung.

"Dedengean rek beresin?"

"Lain ieu mah ngarenghap!" Omong sakadang Maung bari malieus.

"Keur kitu sakadang peucang merengut bari nganuleng. Jiga anu palalaur. Tuluy ngagosok irungna.

"Duh Gusti Nu Maha Agung ...!" Manehna ngarahuh. Tuluy jiga anu nahan. Tapi teu lila teh, "Hasyiiii!"

"Manehna beresin!" Nu tiluan ngagorowok.

"Enya, kusabab manehna geus ngotoran tempat ieu, teu nurut kana dawuhan Gusti Alloh, ayeuna urang alungkeun ka luar." Omong sakadang Maung bari lung sakadang Peucang teh dialungkeun ka luar tina sumur geutah.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

10

KUYA JEUNG MONYET (Philipina)

Dina hiji poe kira-kira wanci haneut moyan, Kuya ngadakom di sisi walungan. Jiga nu ni'mateun pisan ngararasaken haneutna panonpoe. Keur kitu Kuya nenjo aya nu palid di walungan. Barang disidik-sidik sihoreng tangkal cau. Kadomang Kuya teh rìyampeurkeun. Kabeneran deui tangkal cau teh nyangsang dina batu anu rada gede. Kuya kacida bungaheunana manggih tangkal cau teh. Mangkaning moal lila deui oge buahan, da geus bijil jantungna. Ku manehna tangkal cau teh disered. Tapi batan kabawa mah kalah tijengkang teu katanagaan. Kuniang manehna hudang deui bari ngarasa sedih dumeh ngan gede kahayang wungkul ari tanaga teu sabaraha.

Kuya ngarahuh tuluy ngahuleng. Manehna keyeng pisan hayang melak tangkal cau teh. Ras bae inget ka sobatna nyaeta Monyet anu sok mindeng nyampeur ulin. Manehna gilig rek menta tulung ka Monyet. Tapi Kuya teh rada mandeg mayong dumeh Monyet sok mindeng ngalicikan ka

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

manehna. Tapi tibatan teu laksana mah, mending kumaha engke bae. Piraku sugan Monyet rek minteran bae. Kodomang manehna nyampeurkeun ka tempat Monyet. Biasana mah sok dina tangkal nu liuh. Tapi geuning suwung. Leos deui ka beulah kulon ^susuganan aya dina tangkal karet. Enya bae kasampak teh monyet keur sidengdang dina dahan karet bari teu eureun-eureun ngagayem pucuk karet nu ngarora jeung aramis.

"Sakadang monyet!" Kuya ngageroan ti handap.

"Huk!" Tembal Monyet bari tonggoy barang dahar. Pluk muragkeun pucuk karet. Getret gagaro. Antare bae, malire kanu tatanggahan.

"Sakadang monyet, hayang cau?!" Cek sakadang Kuya bari ngaleos api-api teu butuh.

"Mana?" Monyet, rikat nembalan.

"Yu, tuturkeun hayang mah!" Cek Kuya bari muru walungan. Monyet nuturkeun bangun rusuh sieun beakeun. Puguh bae atuh da cau teh kabeukina. Sanggeus nepi ka sisi walungan, Kuya ngarandeg ngadagoan Monyet.

"Sakadang Kuya, mana cau teh?!" Barang jol oge Monyet geuwat nanya.

"Ke heula Ki Silah, urang kudu sabar ulah hayang kari am bae. Boga cau timana atuh ari teu melak mah. Apan rek ngala kanu Patani karasa ieuh basa urang maling cabe oge geuning. Numatak ayeuna mah urang melak!" Omong Kuya ka Monyet.

"Sugan heueuh boga cau, hanas dewek nuturkeun, geuning kalah pidato silaing mah!" Monyet kacida ngarasa handeueulna, hanas geus kacipta cau nu amis kareueut.

"Kieu sakadang Monyet, ulah waka ngambek atuh. Tuh tingali di walungan aya binih cau. Ayeuna urang pelakeun ku duaan. Engke lamun eta tangkal cau buahan urang ala babarengan. Mangkaning cau ambón ieu mah, tada teuing

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

amisna geura!" Kuya ngahaja ngabibita ambeh Moyet daekeun mantuan nyered binih cau.

"Hayu atuh!'' Enya bae Monyet teh daekeun. Tangkal cau anu beurat teh ku duaan disered. Duanana aduregeng ngabijilkeun tanagana. Teuburung we kabawa nepi ka darat.

"Yu, urang ngali lombangna ku duaan!'' Kuya ngajak ngali lombang keur melakna.

"Ah, embung! kuring mah hayang sewang-sewangan. Ambeh engkena teu pacorok. Urang bagikeun ti ayeuna bae!" Cek Monyet bari nulak cangkeng.

"Dibagikeun kumaha petana, naon anu dibagikeunnana?!" Kuya muncereng.

"Dibeulahkeun atawa dipotongkeun ngarah adil mah!" Monyet merekedeweng.

"Eum!, ari silaing sok aya-aya bae, mending pelakeun geura sakeudeung deui oge bu-ahan!"

"Embung!"

"Seug atuh ari keukeuh-keukeuh teuing mah. Sok geura potongkeun. Silaing rek milih nu mana?!" Kuya mere kalonggaran keur milih.

"Kuring mah rek nyokot nu kana daunna!" Omong Monyet. Sabab cek pamikirna, daun anu sakitu ngemplohna geus pasti bakal jadi. Komo deui ieu geus aya jantungan. Tinangtu manehna nu bakal untung.

"Nya pek bae, kumaha silaing. Kuring mah rek ngelehan bae!" Kuya nyokot bagiannana. Rigidig Monyet manggul binih cau, maksudna rek dipelakeun. Nyakitu deui Kuya.

Ti poe ka poe pelak cau nu Monyet mah daunna kalah ngararas, jantungna kalah peot, anu ahirna nungtutan buruk. Tapi ari nu sakadang Kuya mah jadi deui siung. Beuki lila beuki morontod. Sakadang Kuya kacida toweksana. Jukut anu jadi deukeut tangkal cau dipiceunan. Heuleut sawatara bulan ti harita. Cau geus asak dina tangkalna. Sakadang Kuya bingung deui bae, sabab manehna mah teu

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA



"Yu, urang ngali lombangna ku duaan!" Kuya ngajak ngali lombang keur melakna.

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

bisa naek. Nya teu aya deui jalan salian ti menta tulung ka sakadang Monyet. Puguh we sakadang Monyet teh giak pisan. Terekel bae naek tuluy metikan cau nu umyang koneng.

"Sok ragragkeun hiji-hijl sakadang Monyet. Engke urang dahar babarengan!" Cek Kuya bari tanggah. Tapi ku sakadang Monyet teu diwaro. Kalah am bae dihuapkeun mani samutut. Pluk cangkangna dirag-ragkeun kana tonggong Kuya bari cecengiran. Sakadang Kuya bati kumetap ningali nu cacamuilan teh.

"Eum, geuning silaing mah hayang ngeunah sorangan, cik kuring menta ulah dibeakeun!" Cek Kuya bari lewa-lewe rek ceurik. Kacida ngeneseunana. Atuh da ladang hese cape, ari hasilna didahar ku batur.

"Sok hayang mah naek, bongan silaing minteran. Mere bagian nu piburukeun!" Omong Monyet bari tonggoy ngadaharan cau.

"Pan kahayang silaing kitu teh!"

"Geus tong loba omong, sok tah dahar cangkangna!" Cek sakadang Monyet bari ngalungkeun cangkang cau. Teu kawawa ku keuheul leos bae sakadang Kuya indit. Sihoreng rek neangan cucuk. Tuluy eta cucuk teh diamparkeun di sakurilingeun tangkal cau. Monyet mah teu nyahoeun da keur jongjon barang dahar. Sanggeus ngamparkeun cucuk leos bae indit, rek nyumput tukangeun batu nu suni, bari nyerangkeun sakadang Monyet.

Sanggeus seubeuheun, cau teh dikarikeun butitina. Tapi lain keur Kuya, da Kuya mah moal bisaeun ngalana. Keur piparantieun ari lapar deui. Jleng bae sakadang Monyet ngajleng ka handap. Tapi tuluy ngoceak, kacugak ku cucuk nu ngampar di dinya. Geus teg bae, età teh pasti pagawean sakadang Kuya. Numatak tuluy bae kokotetengan neangan sakadang Kuya. Teu inget kana kasalahan sorangan mah. Bakat ku dikotektak mah antukna kapanggih.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

"leu yeuh, nu deleka teh. Rasakeun siah, beunang ayeuna mah!" Teu tata pasini deui gabrug bae Monyet ngarontok Kuya. Kuya ditangkarakeun. Atuh kusah-koseh.

"Ampun sakadang Monyet!"

"Ampun-ampun ah, deuleu awak dewek pinuh ku cucuk. Rasakeun ku silaing hukuman ti dewek. Ku dewek rek ditinggang ku batu anu gede atawa rek dialungkeun ka jungkrang. Atawa mun teü kitu rek digencet ku tangkal kai, nepika bubuk sugan tonggong silaing!" Bari durugdug sakadang Kuya disered, teu nolih nu ampun-ampunan.

"Sakadang Monyet, ayeuna mah kuring rumasa salah. Pek bae rek dialungkeun ka jungkrang, rek digencet, rek ditinggang ku batu oge. Eta leuwih hade, asal ulah di kawalungankeun bae, kuring sieun, keur dimusuhan ku sakadang Buhaya. Poe ieu kuring arek dimangsa!" Cek sakadang Kuya jiga nu pasrah. Ngadenge kitu teh sakadang Monyet boro-boro ngarasa watir, nu puguh mah hayang leuwih puas nganiaya sakadang Kuya teh.

"Enya siah, rek di kajwalungankeunambeh tereh modar. Tah sakadang Buhaya geura mangsa." Bari lung sakadang Kuya dialungkeun ka walungan. Nu dialungkeun atoh.

"Nuhun Ki Silah!" Pokna basa geus aya di cai. Sabenerna mah manehna henteu keur dimusuhan ku sakadang Buhaya, malah mah keur nyobat pisan.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

10

PADERÌ JEUNG TANGKAL PER (Tiongkok)

Aya Patani nu kawilang jegud di kampungna. Manehna bogaeun gorobag nu pinuh ku buah per. Manehna cicing di juru pasar rek ngajual buah per. Kusabab buahna aralus pisan, dagangannana pada ngariung ku anu rek meuli. Patani teh kacida kasohorna tapi hanjakal kacida meditna. Tara pisan daek tutulung kanu butuh, nalang kanu susah teh. Harga buah per ti manehna sabenerna mah leuwih mahal ti batur. Tapi kusabab buah perna alus jeung pikauruyeun nu ningali. Atuh teu wudu ngagereyek nu balanja ka manehna teh.

Dina hiji mangsa keur raramena nu balanja, lar aya Paderi anu kacida rudinna. Pakeannana geus tatambalan. Paderi tea ngadeukeutan ka Patani. Tapi lain rek balanja kawas batur. Manehna mah rek menta sidekah ti Patani. Hayang dibere buah per sasiki. Xapi ku Patani teh batan dibere mah kalah dicarekan lak-lak dasar. Paderi tea bawaning ku lapar, teu ieuh riuk-riuk era atawa nyeri hate ku

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

dicarekan. Kalah pok sakali deui menta ka Patani bari angger nangtung di dinya. Ningali kitu teh Patani lain watir, ambekna beuki nambahan. Ngomongna geus teu disengker deui. Kacida kejemna.

"Patani, dina gorobag teh aya mang ratus-ratus buah per, cek kuring mah asa moal rugi lamun anjeun mere sasiki ka kuring. Kuring teh kacidalaparna...." Omong Paderi melas-melìs. Nu araya di dinya ngarasa karunya.

"Naha lain bere atuh Patani, karunya jiga anu langlayeuseun, bere bae atuh, enya asana teh moal rugi dicokot hiji mah." Cek salah saurang nu aya di dinya.

"Ah moal, da buah per ieu teh lain ladang mulungan kitu bae. leu teh beunang melak kuring, diurus unggal poe. Beunang hese cape. Piraku rek dibikeunan. Moal kalah kumaha oge. leu teh ladang tanaga. Barina oge datang kadieu teh lain rek ngadon ngabagikeun sidekah". Omong Patani bari kuraweud. Nu aya di dinya tingkucewis. Aya nu mihak ka Paderi, aya nu mangmeunangkeun Patani. Beuki lila lain ngan saukur tingkucewis tapi ngomongna beuki tarik silih sentak. Tungtungna parasea. Keur kitu aya we saurang nu maju ka hareup bari pok ngomong.

"Eh, geuning kalah parasea ieu teh lain mere sedekah. Tah ieu duitna, sok bere buah per sahiji." Kakara patani teh daekeun mere, da dibeuli tea. Ku Paderi gancang ditarima bari rengkuh. Tuluy manehna ngomong kanu aya di dinya.

"Kuring mah weleh teu ngarti naon sababna jalma anu kawilang jegud kawas Patani ieu kacida koretna. Teu rido mere buah per sahiji oge. Kuring anu mentana sakitu geus bebeakan mere sedekah kanu miskin, nepika kuring geus teu boga imah jeung pakaya sejenna. Tapi sanajan kitu, ayeuna kuring boga tangkal per anu leubeut buahna. Ku kuring rek dibagikeun ka sakabeh nu aya di dieu nepika kabagian kabeh!"

"Naha atuh ari boga mah make teuing menta ka batur, di

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

dahar we nu sorangan ...!" Cek salah saurang nu mihak ka Patani.

"Oh, kuring kudu melak heula." Omong Paderi bari am ngadahar buah per. Sikina dikarikeun hiji. Tuluy paderi teh ngali taneuh keur melak siki buah per tea.

"Cik menta cai saeutik." Pokna. Kabeh nu aya di dinya nyaleungseurikeun. Aya oge nu nyebutkeun Paderi teh owah. Tapi hiji budak leutik mawa cai sapanci. Sok dibikeun ka Paderi. Eta cai teh dikucurkeun kana taneuh palebah siki buah per tea. Dadak sakala pelentung aya kacambah nyuaykeun taneuh. Beuki lila beuki ngajangkungan jeung ngagedean. Daun jeung dahan jaradi mani morontod. Teu lila aya kembangan anu ahirna jaradi buah mani meuhpeuy. Ku leubeut-leubeutna eta buah per, dahanna mani nguyupuk kana taneuh. Ger jalma-jalma nu aya di dinya keprok. Paderi tea mani marahmay jiga anu bungah pisan. Patani tukang buah per tea molohok mata simeuteun nyaksian eta kajadian teh. Ahirna Paderi ngabagikeun buah per ka sakur nuaya di dinya. Puguh bae kabeh oge barungaheun pisan. Sanggeus beak tuluy tangkal per anu ajaib teh di tuar ku Paderi. Leos bae indit bari manggul tangkal per, dituturkeun ku paneuteup jalma-jalma nu aya di dinya. Nyakitu deui Patani tukang dagang buah per tea.

Basa Paderi geus teu katingali, leos manehna nyampeurkeun deui dagangannana. Tapi kacida ngajenghokna barang ningali gorobagna geus kosong. Buah Per teu ngari sasiki-sasiki acan. Kakara manehna sadar naon anu tadi kajadian Buah Per anu dibagikeun teh sihoreng anu manehna. Ku wewesen Paderi tea dirobah jadi tangkal buah Per anu leubeut. Keur manehna, kajadian sarupa kieu teh hiji kacilakaan anu kacida gedena. Manehna asa diteungteuinganan. Pudigdig bae ambek. Beretek ngudag Paderi. Tapi teu aya tapak-tapakna acan. Duka geus nepi ka mana Paderi

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mah. Sanggeus jalma-jalma nu ayadidinya nyahoeun asal muasalna ngan ger bae saleuseurian.

Ngan saurang nu teu milu seuri teh nyaeta tukang buah Per.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

10

DONGENG **OPAT JAJAKA (Birma)**

Di hiji Kampung, aya opat urang jajaka anu pinter nga-dongeng nu araneh jeung teu asup akal. Dina hiji poe aya jalma tukang ngalalana reureuh di età Kampung. Papakean-nan kacida aralusna. Cek taksiran nu nenjo mah, pasti jalma beunghar. Jajaka anu opatan oge ngarasa kabita ku pakean età semah teh. Tina rasa kabita antukna hayang kapimilik. Maranehna neangan akal keur ngolo semah tea. Kacarita keunnana indit we nu opatan teh ka imah anu pake reuereuh semah tea. Mimitina mah biasa bae ngawawuhkeun. Tuluy ngobrol ngaler-ngidul. Sanggeus lila, salah saurang tinu opatan teh usui supaya ngayakeun saembara.

"Ayeuna saurang-saurang kudu nyaritakeun pangalaman anu pang hebatna. Saha-saha anu teu percaya kana benerna età carita bakal jadi budak nu nyaritakeun pangalamannana ..!" Pokna. Semah tea nyatujuan kana usui età jajaka. Atuh puguh bae mani atoheun da nyangkana si semah teh jalma boloho numatak nyatujuan oge. Età bae katingalina jiga lain

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

tukang ngadongeng nu araraneh. Dina bisaeunnana. oge asa moal bisa ngelehkeun ka maranehna nu geus ahli. Tapi dina elehna oge moal rek bener-bener dijieun budak. leu mah ngan saukur rek diarah pangabogana. Apan ari budak teh milik nu bogana. Jadi harta anu dibawa ku kisemah oge jadi milik maranehna. Kacaritakeun indit we maranehna ka imah Tua Kampung. Hayang disaksian ku Ketua Kampung. Bari sakalian rek dijieun Hakim dina saembara. Saembara dimimitian. Jajaka anu kahiji mimiti ngadongeng;

"Samemeh kuring dilahirkeun, indung kuring hayang dipangalakeun sawo nu aya di buruan imah. Nya nitah ka Bapa, tapi Bapa teu sanggupeun da tangkal sawo teh kacida luhurna. Malah ku luhur-luhurna eta tangkal sawo daunna ampir teu kaciri. Nitah ka lanceuk kuring teu sanggupeun. Nitah deui ka adikuring sarua teu sanggupeun. Mangkaning ema teh keur nyiram. Kuring teu tega ningali ema handeueuleun. Basa keur langah Ema jeung Bapa ngan terekel bae kuring teh naek kana tangkal sawo tuluy milihan anu asak. Geus kitu gancang bae diteundeun di dapür diwadahan kana piring. Teu aya nu terangeun saurang-urang acan timana eta sawo datangna. Tapi ema bungaheun pisan. Kuring mah ngadedempes bae dina kandungan ...!" Jajaka anu ngadongeng teh neuteup ka Ki Semah, susuganan rek nempas teu percayaeun kana benerna eta dongeng. Tapi Ki Semah teh kalah unggut-unggutan tanda percaya. Jajaka anu tiluan deui oge sarua unggut-unggutan. Ayeuna giliran jajaka anu kadua, nyaritakeun pangalamannana;

"Waktu kuring kakara umur tujuh poe, kuring ulin ka leuweung. Di leuweung kuring manggihan tangkal korma anu buahna arasak. Kusabab lapar, terekel naek, ngala buah korma nu arasak. Kuring ngadahar buah korma sa seubeuhna. Bakat ku seubeuh ngadaharan korma awak kuring jadi beurat teu bisa turun deui. Kusabab kitu indit bae kuring ka kampung rek nyokot taraje. Untung bae aya. Lamun teu

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

manggih taraje, meureun nepi ka ayeuna oge kuring teh aya bae dina tangkal korma ...!" Jajaka anu ngadongeng neuteup Ki Semah susuganan nyebut teu percaya. Tapi kalah unggut-unggutan jiga anu percaya pisan. Nyakitu deui jajaka anu tiluan.

Ayeuna giliran jajaka anu katilu.

"Basa umur kuring jejeg sataun, kuring ningali kelenci lumpat kanu bala. Kukuring diudak. Tapi barang kaudag sihoreng lain kelenci tapi maung. Sungutna calangap, huntuna ranggeteng jeung sareukeut. Kuring nyarekan ka maung, yen kitu peta teh teu sopan. Tapi teu nurut kalah calangapna beuki gede. Kuring jadi napsu, cek ku kuring dicekel ku leungeun kenca tuluy dipotongkeun ...!" Si Jajaka nu ngadongeng neuteup ka Ki Semah. Ki Semah unggut-ungutan. Jajaka anu tiluan oge unggeuk.

Ayeuna giliran jajaka anu ka opat.

"Sataun katukang kuring indit kana parahu. Maksud teh rek ngala lauk. Tapi teu meunang laûk hiji-hiji acan. Kuring nanyakeun ka tukang ngala lauk, sarua maranehna oge teu meunang lauk. Kuring panasaran hayang nyaho keur naon sabenerna lauk jeung aya kajadian naon di dasar walungan. Kuring ngajleng tina parahu. Lep teuleum. Sanggeus tilu poe teuleum kakara nepi kana dasar walungan. Sihoreng di handap teh aya lauk anu kacida gedena ampir sagede gunung. Eta lauk teh ku kuring ditonjok nepika paeh. Sanggeus paeh ku kuring dipanggang dina durukan keur tamba lapar. Sanggeus wareg kuring naek deui kana parahu, tuluy balik ka imah ..." Jajaka anu ngadongeng ngarep-ngarep Ki Semah nyebut teu percaya. Tapi manehna angger bae unggeuk jiga tadi. Ayeuna giliran Ki Semah nu nyarita.

"Sababaraha taun katukang kuring boga kebon anu kawilang lega.

Ku kuring eta kebon teh dipelakan ku rupa-rupa tatangkalan. Tapi aya hiji tangkal nu beda tinu sejen. Dahanna aya

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

opat. Tina tungtung dahan teh ngagantung buahna sahiji. Jadi dina tangkal età buahna ngan aya opat. Sanggeus asak ku kuring diala tuluy dipurak. Tapi kacida kagetna barang cangkangna dipesek tina jero buah kaluar hiji jajaka. Sanggeus dipesek buah nu opat, di hareupeun kuring jadi aya jajaka opatan. Kusabab maranehna asal tina tangkal nu kuring, jadi età opat jajaka teh milik kuring. Maranehna ku kuring dijieun budak. Unggal poe dititah digawe di kebon. Tapi dasar kabehna oge pangedulan, resep keneh ngariung ngadarongeng nu teu aya hasilna batan digawe. Atuh kakara oge saminggu età opat jajaka teh geus kabur. Ti mimiti harita kuring ngalalana teh. Nyaeta maksud teh neangan opat jajaka tea. Tapi kacida atohna barang kuring manggihan maranehna. Ku kuring kapanggih di dieu. He, para jajaka anu karasep, nya aranjeun pisan budak kuring nu kabur teh. Hayu ayeuna mah urang balik deui ka kebon, geura digarawe. Ulah nyusahkeun kuring ...! Ki Semah mungkas caritana. Jajaka anu opatan kacida bingungeunana, sanajan kumaha oge maranehna teu bisa ngangles, teu bisa ngaku yen carita età teh bener. Maranehna ngahuleng sajongjongan, teu lemek-teu nyarek. Rek teu percaya kana età carita hartina manehna eleh tina saembara. Geus pasti manehna jadi budak beulian Ki Semah. Ari rek nyebut percaya, hartina maranehna ngaku yen maranehna teh budak Ki Semah anu kabur tea. Geus pasti jadi Budak Ki Semah deui. Jadi pikeun maranehna mah sarua bae sanajan nyebut percaya atawa teu percaya oge. Numatak tungtungna mah caricing bae.

Tungtungna Ketua Kampung mutuskeun yen jajaka nu opatan eleh tina saembarana. Hartina maranehna jadi budak Ki Semah.

"Ayeuna aranjeun jadi budak kuring, jadi harta boh pakean oge anu kuring. Sok geura buka pakean aranjeun. Sanggeus kitu ku kuring rek dibebaskeun." Omong Ki

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Semah ka Opat jajaka nu keur ngaharuleng silih teuteup pada baturna. Atuh porosot bae maruka pakean. Sok dibikeun ka Ki Semah. Ku ki Semah pakean opat pangadeg teh dihijikeun, dibuntel tuluy digandong. Ki Semah Permisi rek nuluykeun lalampahannana, ninggalkeun opat jajaka nu teu dibaju di imah Ketua Kampung.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

10

PERAK DINA TUNGKU DAPUR (Afghanistan)

Kacaritakeun aya hiji patani miskin anu kahirupannana kacida waluratna. Cek babasan mah dahar sore henteu isuk. Imah boh pakeannana kacida rudinna. Eta oge lain kusabab pangedulan. Ngan nyakitu tea bae, ari tani dina tanah nu ngan saeutik mah teu matak pimahieun. Bororaah bisa neundeun sesa nu didahar keur kahayang nu sejenna dalah keur dahareun oge apan geus kurang. Hirupna teu weleh digugulung ku kabingung, diudag-udag ku kasusah. Ngan untungna teh awakna mah jag-jag kuat keneh pelak cokel, sanajan teu matak mahi oge. Sanajan kitu manehna teu petot-petot neneda ka Nu Kawasa unggal solat. Manehna neda pitulung tinu welas asih. Saperti dina hiji mangsa manehna sujud.

"Duh Gusti, mugi abdi dipaparin kabeungharan, abdi teh tos bosen hirup walurat kieu teh. Saupamina abdi bade dipaparin mugi disimpen dina tungku di dapur." Sanggeus solat manehna indit ka kebon rek sagawe-gawe ngaleukeunan nu

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

aya. Dina hiji poe basa manehna keur macul, aya anu kakadek ku paculna. Barang diilikan sihoreng aya gentong anu dijerona pinuh ku duit anu dijieunna tina perak. Mimitina mah manehna ngarasa atoh. Tapi dipikiran deui.

"Ya Alloh, apan abdi teh nyuhunkeun dipaparin kakayaan dina tungku dapur, tapi ieu kapendak di dieu. Ku abdi moal dibantun. Da upami ieu pangersa Gusti kanggo abdi tangtosna oge disimpen dina tungku dapur ..." Manehna ngubur deui gentong anu pinuh ku duit perak.

Kajadian tadi teh ku manehna dicaritakeun ka pamajikannana. Atuh pamajikannana kacida ambekna. Manehna nyarekan lak-lak dasar.

"Dasar jalma bodo salaki kuring mah. Manehna manggihan kakayaan di kebon embungeun mawa. Ayeuna mah pek teangan di kebon kuring, engke lamun kapanggih kuring menta sawareh ...! Omong pamajikan patani ka tatanggana. Tatanggana kacida atoheunnana. Gancang bae diteangan nepika kapanggih. Tapi barang dibuka tutupna, sihoreng dijerona pinuh ku oray. Manehna kacida keuheuleunnana ka pamajikan patani. Manehna boga sangkaan goreng ka pamajikan patani teh.

"Pasti manehna keuheuleun ka kuring numatak rek nyilakakeun oge. Keun siah rasakeun ..." Rigidig età gentong teh dipanggul maksudna rek diawurkeun di imah patani miskin tea. Sanggeus peuting kakara manehna ngalaksanakeun niatna. Manehna naek kana hateup imah patani, tuluy età gentong teh diragragkeun. Isuk-isuk waktu patani hudang manehna pangheulana manggihan gentong età geus aya dina tungku dapur. Ku manehna gancang dibuka. Kacida kageteunnana barang ningali eusi gentong tea. Duit perak ting borelak katojo ku panonpoe. Kacida bungaheunnana hatena pinuh kurasa tumarima nu taya hinggana. Manehna ngucapkeun syukur ka Gusti nu welas asih.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

"Ya Alloh, ayeuna mah sim abdi bade narima ieu kakayaan, margi ieu leres-leres kanggo abdi. Hatur nuhun Gusti ...!" Manehna sujud.

Ti harita manehna lain patani miskin deui tapi jadi jalma anu cukup sandang pangan. Kebonna lega, imahna gede. Atuh kabeh tatanggana ngarasa kageteun.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

7

TUKANG POT ANU WANIAN (India)

Dina hiji mangsa aya Maung lunta ka Kampung. Tapi luntana teu kebat da kaburu hujan gede jeung angin ngagelebug. Atuh Maung teh ngiuhan di pipir imah Nini-nini. Età imah teh geus kacida bututna. Hateupna geus balocor. Atuh cai hujan teh sasatna asup kabeh ka jero imah. Nini-nini tea geur ripuheun balas mundah-mindah parabot imahna supaya teu kabocoran. Maung anu keur ngiuhan tea ngadedengekeun ti luar. Manehna heraneun ngadenge sora ting galebrug jeung ting garerit di jero imah. Komo deui basa si Nini lumengis jeung gegelendeng mah.

"Duh Gusti, kakara oge reureuh geus aya deui hateup bocor. Matak modar balas ngurus hateup bocor. Tulung Gusti ieu cangkeng mani asa potong, awak mani asa pasiksak kieu …!" Cek Si Nini bari nyered bangku anu kawilang beurat. Sorana ngaduruluk ditungtungan ku sora si Nini ngarahun.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

"Geus atuh ulah aya deui hateup bocor, ripuh dijueu-kieu mah! Si Nini sasambat deui.

"Naha mahluk jiga kumaha atuh ari Hateup Bocor teh? geus tangtu mahluk anu pikasieuneun. Età bae sorana mani kitu ..." Cek Maung dina jero hatena. Lamun seug hujan raat manehna geus indit ti tatadi. Sabab manehna oge ngarasa sieun. Manusa anu kaSebut mahluk punjul geus ngarasa ripuh, atuh komo deui sato. Kabeneran keur kitu teh aya tukang Pot keur kokotetengan neangan Kalde anu leupas. Manehna talag-tolog kawantu teu mawa obor. Cumah tuda mawa obor oge pareum deui-pareum deui kahujanan. Tapi waktu aya kilat ngaburinyay, kacirieun aya nu keur candukul tukangeun imah si Nini. Disangkana età teh Kalde manehna nu leupas tea. Geuwat nyampeurkeun kanu candukul. Sanggeus deukeut jekok bae ditajong bari kukulutus.

"Kurang ajar siah! ngagawekeun ka aing. Deuleu aing mani kukucrut kieu. Kahayang teh mun ngajedog di kandang, montong ngadoresakeun. Hudang siah! Ari embung disiksa mah ku aing nepi ka remuk sugan tulang sia!" Tukang Pot neunggeulkeun iteukna kana tonggong maung anu ngarasa reuwas jeung sieun. Maung ngarasa bingung jeung kasima. Atuda saumur hirupna kakara ngarandapan dikitu-kitu mah. Kakara manehna inget kana kajadian tadi.

"Oh, ieu sugan anu katelah si Hateup bocor teh. Paingan atuh Si Nini sakitu sieuneunnana. Kieu bae sugan ditajongan numatak cangkeng si Nini ampir potong oge ..." Cek Maung dina jero hatena. Jung manehna nangtung sieuneun disiksa deui. Tapi dasar tukang Pot keur amarah, jebot deui nampiling kana puhu ceuli Maung. Cek kana beuheungna tuluy digeubig-geubig.

"Hayu balik, naon gawe candukul di pipir imah batur ...!" Bari eie mancat kana tonggong Maung. Maung leumpang bari dicarekan sajajalan.

Sanggeus datang ka imahna. Jrut turun. Reketek nyang-

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

cang Maung anu ku manehna disangka Kalde. Geus kitu tukang Pot asup ka imahna.

"Awas sia mun kabur deui ku aing rek dipodaran!" Pokna susumbar. Teu kawawa ku tunduh jeung cape tukang Pot teh reup bae sare.

Isuk-isuk pamajikannana kaluar. Kacida reuwaseunnana barang mireunggeuh aya maung dicangcang hareupeun imahna. Gura-giru nyampeurkeun salakina nu masih keneh ngaringkuk.

"Bapa, ari tadi peuting ngagiringkeun sato naon?!" Pamajikannana nanya.

"Apan si Kalde bangkarwarah!"

"Ah, cik tingali geura!" Bari metot leungeun salakina. Kacida ngagebegna Tukang Pot barang mireungeuh sato anu tadi peuting ku manehna dicangcang. Awakna ngeleper, tuurna nyorodcod kasimana kapaneurian. Manehna ngarampaan saluar awakna bisi aya nu raheut atawa tatu ku kuku Maung. Tapi teu aya nu raheut saeutik-eutik acan.

Kajadian ieu teh gancang pisan nyebar ka sakuliah Kampijng malah ka kampung sejen. Mani geunjleung majar Tukang Pot bisa newak Maung jeung meruhkeun Maung nepika jadi lindeuk kawas Kalde. Nya ahirna Raja dieta Nagara panasaran hayang ngabuktikeun bener henteuna aya tukang Pot gede wawanen. Sang Raja diiring ku para Ponggawana ngajugjug ka imah tukang Pot. Sihoreng enya bae Maung teh aya keneh dicangcang. Sang Raja ngarasa heran. Malah anu matak heran pisan mah kusabab maung eta teh anu kakoncara galak jeung gangasna kana ingon-ingon. Maung eta pisan anu dipikasieun ku rahayat eta Nagara. Sang Raja ngarasa hemeng jeung muji kana wawanen tukang Pot. Malah Sang Raja kacida ngarasa sugemana. Nepika waktu harita keneh tukang Pot diangkat jadi ponggawa. Salian ti kitu tukang Pot dibere hadiah mangrupa tanah jeung imah anu alus. Malah ahirna mah diangkat jadi

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Hulubalang tentara Karajaan anu jumlahna sapuluh rebu urang. Ayeuna mah manehna jeung pamajikannana ngarasa hirup senang. Sagala nyampak. Tapi teu kuhanteu aya beja pajar aya musuh ti Nagara sejen rek nyerang. Mangkaning Tentarana kacida kuatna. Maksudna rek nalukkeun.

Sakabeh panglima dikumpulkeun supaya salah saurang jadi Panglima Perang. Tapi kabeh oge teu aya nu sanggupeun. Sabab maranehna geus terang yen tentara musuh kacida kuatna. Raja kacida bingungeunnana. Ras bae inget ka tukang pot anu wanian tea. Tukang Pot anu geus jadi Hulubalang teh daek teu daek kudu jadi Panglima perang.

"Anjeun kudu ngusir musuh nu rek nyerang ka Nagara urang ...!" Saur Sang Raja ka tukang Pot. Tukang Pot daek teu daek kudu narima eta parentah. Manehna nyanggupan tapi menta tempo, dadakuna mah rek nyilidik kaayaan jeung kakuatan musuh. Ku Raja diidinan. Tukang Pot balik ka imahna, pikirannana kacida baluwengna sabab bororaah sanggup nyanghareupan musuh anu sakitu samaktana. Ku manehna dicaritakeun ka pamajikannana kaayaan dirina anu keur mundur jungkrang-maju jungkrang.

"Rek kumaha petana mingpin tentara anu sakitu lobana bari ngalawan musuh. Numpak kuda oge akang teh teu bisa. Tapi urang jajal bae heula ayeuna mah pangneangankeun kuda anu leutik jeung lindeuk, ambeh akang teu sieun numpakna. Omat anu lindeuk jiga Kalde." Omong tukang Pot ka pamajikannana. Tapi isukna dikirim kuda Samparani anu kacida kuatna. Kakara ningali oge manehna geus gempeur. Kuda teh katingalina galak pisan.

"Kudu kumaha atuh, saumur hirup oge can ngajaran tumpak Kuda!"

"Alah, ulah bingung-bingung, sok bae naek ke ku abdi ditalian ambeh teu rag-rag ...!" Cek pamajikannana. Tukang Pot nyoba-nyoba naek kana kuda. Tapi karasa ku manehna sela teh kacida luhurna.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

"Teu nepi. Kumaha atuh nya!" Manehna hemar-hemir.

"Ngajleng!" Pamajikannana mere bongbolongan. Jleng manehna ngajleng, gurawil, gebut bae rag-rag da teu nepi. Kitu jeung kitu bae nepika sababaraha kali.

"Geuwat atuh." Pamajikannana geus ngarasa jengkel. Jleng manehna ngajleng, cle nyanghareup kana bujur kuda.

"Salah, anjeun kudu nyanghareup kana hulu kuda!"

"Enya akang oge nyaho ngan harese pisan!" Pokna bari mancai deui. Tapi kabeneran ayeuna mah, ngan rada nyanggeyeng.

"Tah geuning. Geuwat pangnaliankeun samemeh rag-rag deui!"

Buru-buru pamajikannana nailan suku, cangkeng jeung dada salakina pageuh pisan. Kuda geus teu sabareun jeung getekeun da biasana mah tara papuket jeung tali. Sukuna tetejeh, awakna digeubig-geubigkeun. Belesur bae lumpat. Tukang Pot reuwaseun. Manehna gogoakan nyambat pamajikannana.

"Geuning ieu leungeun akang can ditalian ...!" Manehna gogorowokan.

"Muntang kanabulu pundukna!" Pamajikannana ngagorowok. Manehna nurut. Geus kitu mah mengpelehe bae bari kabur pangacian. Kuda mangpret lumpat sakaparan-paran. Rek ngajleng teu bisa da ditalian tea. Kuda kabur ka palebah kemah musuh di batas Nagara. Tukang pot rek ngeureunkeun kuda. Ceg kana dahan kai nu kaliwatan. Maksudna mah rek muntang, susuganan kuda oge kabawa eureun. Tapi kusabab tanaga kuda anu lain samanea, tangkal kai teh kalah kabawa. Kuda angger lumpat tarik. Di batas Nagara papanggih jeung salah saurang tentara musuh nu keur ngahaja nalingakeun kaayaan Nagara nu baris diserang. Maksudna rek ngukur kakuatan musuh. Tapi kacida ngajenghokna barang ningali tukang pot nyenyered tangkal kai. Cek pamikirna, rahayatna geus sakitu kuatna komo deui

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

tentarana. Manehna gancang laporan ka Rajana. Yen baladna moal kuat ngayonan musuhna. Sabab pangeusi eta nagara lain jalma samanea tapi raksasa. Buktina tangkal kai anu sakitu gedena teu beda saperti nyekel pentungan. Keur mah ngabejakeunnana digede-gedekeun ambeh teu kudu perang. Atuh Rajana oge jadi leutik hate ngadenge kitu teh. Teu tata pasini deui gutrut bae nyieun surat nu maksudna ngabatalkeun perang. Eta surat teh diteundeun di kemah. Raja katut baladna balik deui ka Nagarana. Tukang pot nu keuT amprung-amprungan dibawa ku Kuda srog pisan ka kemah musuh. Ari datang ari gebut rag-rag da talina nungtutan pegat sajajalan. Kuda mah kabur ari manehna kapiuhan deukeut salah sahiji kemah. Tapi manehna sanggeus eling deui kageteun ningali kemah musuh geus karosong. Lila pisan candukul ngumpulkeun pangaciannana. Sanggeus leler pisan, manehna abus ka kemah. Sihoreng eta teh kemah urut Raja. Tukang pot manggih surat anu ditujukeun ka Rajana. Gancangna tukang pot teh balik, nikreuh bae leumpang da kuda mah duka teuing kamana. Sanggeus nepi ka Nagara eta surat teh dibikeun ka Raja. Tapi lain ku manehna. Sabab datang ka imahna manehna geus kacida ripuhna urut leumpang. Nya kapaksa nitah pamajikannana.

"Ah nyai pamajikan akang, sabenerna mah loba pisan kajadian-kajadian nu geus kaalaman ku akang lamun dicaritakeun mah. Tapi kusabab akang kacida capena, moal dicaritakeun ayeuna. Ngan isuk mah wayahna surat ieu bikeun ka Kangjeng Raja. Bejakeun bae yen akang cape keneh. Tapi akang oge ari geus jag-jag mah tinangtu rek ngadeuheusan ka Karaton ...!" Cek tukang pot ka pamajikannana. Pamajikan tukang pot ngalaksanakeun pamenta salakina.

Surat dibaca ku Raja. Anu eusina netelakeun yen pasukan musuh geus mundur, balik deui ka Nagarana. Raja kacida bungaheunnana. Teu kendat-kendat muji kana wawanen

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

tukang pot. Isukna deui tukang pot ngadeuheusan ka Raja. Ti imahna nikreuh bae leumpang. Manehna ngarasa jongjon teu kudu numpak Kuda. Sihoreng kuda teh geus balik deui ka gedogannana.

"Tah ieu jalma anu gagah mah. Tas ngelehkeun musuh oge saukur leumpang. Da biasana lamun boga jasa gede teh bisa ngelehkeun musuh balikna sok tumpak kuda bari sombong ...!" Cek Rahayat nu nyaksian manehna leumpang.

Ku Raja ditarima jeung dihormat pisan.

Nepi ka ayeuna eta tukang pot teh kakoncara tukang meruhkeun sato anu panggalakna jeung ngusir musuh oge cukup ku sorangan.

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

10

KUDA ANU NINGGALKEUN DUNUNGANNANA (Jemen)

Si Tamad jeung bapana keur ngareureuhkeun cape dina jero tenda kemah anu dijieun tina kulit embe. Dina jero tenda mah panas panonpoe anu sakitu moreretna teh katahan ku tenda, numatak teu pati karasa panas. Manehna teh bangsa Badui. Anak jeung bapa teh ting gelehe sangenahna. Keur kitu kadenge sora nu ngeresek deukeut panto tenda. Sihoreng Sa'ad nyaeta kudana. Età kuda teh nololkeun huluna ka jero tenda. Lila-lila ngesod asup ka jero tenda. Si Tamad jeung bapana saleuseurian ningali pamolah kuda teh. Remen pisan kuda teh boga pamolah kitu teh. Sarua bae meureun kuda oge hayang kanu iuh. Si Tamad jeung bapana tara nitah kaluar ka età kuda teh. Maranehna kacida nyaaheunana ka Sa'ad.

"Si Sa'ad nyahoeun yen samangsa aya dunungan, nya di dinya tempat anu pangalusna keur manehna ..." Cek Bapana si Tamad.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

"Bapa boga dongeng hiji kuda anu nyangka yen nasibna bakal leuwih alus lamun leupas ti dununganna ...!"

"Teras kumaha dongengna pa?!" Si Tamad nanya.

"Sagala puji kanggo Alloh anu nyiptakeun sagala-galana ..." Bapa si Tamad ngamimìtian ngadongeng.

"Dongeng ieu teh kajadiannana keur zaman sasatoan bisa nyarita. Tah età kuda teh ngarasa boga nasib anu kacida gorengna. Tingkah lakuna oge henteu bageur jiga si Sa'ad, età kuda teh sok hayang bae leupas jeung sok ngalawan ka dununganna. Numatak ku dununganna salilana dicang-cang bae. Età kuda teh sok mindeng nyaritakeun kateung-eunana ka sato sejen, mun keur pareng papanggih. Tapi bororaah pangmeunangkeun ku baturna teh kalah dijejeleh sato bodo nu teu bisa ngabedakeun nasib nu alus jeung nu goreng. Tapi dasar kuda bengal kalah ngananaha ka dununganna.

"Naon sababna kuring kudu nandangan kawajiban mamawa anjeun ka mana-mana bari mawa muatan anu sakitu beuratna? Apan awak boh tanaga oge kuring mah leuwih kuat batan anjeun. Keur naon kuring kudu nurut ka anjeun?" Omong kuda ka dununganna.

"Ari awak mah jeung tanaga mah enya bae kuat anjeun. Tapi anjeun moal walakaya di padang pasir ieu. Duka we lamun di nagri sejen mah. Di gurun pasir mah kacida kejem-na ka urang. Cek rarasaan kuring kurang kumaha ngurus anjeun. Anjeun dibere dahar saseubeuhna. Dipangneangan-keun tegalan nu loba jukutan. Sakapeung dibere susu onta anu haneut keneh. Nepika kemah oge dipake ku kuring jeung anjeun babarengan. Nya wajar bae atuh anjeun mamawa kuring ari indit-inditan itung-itung buruh ngurus

»>

"Memang bener anjeun anu ngurus tapi carana teu beda saperti ka budak beulian. Anjeun neundeun kadali jeung sela na awak kuring. Kuring teu bisa leumpang sakahayang

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sorangan. Naha saha anu mere hak ka anjeun keur ngaleungitkeun kabebasan kuring?!" Cek kuda.

"Kuring teu bisa nyaritakeun saha-sahana. Boa Gusti Alloh nu kagungan urang sarerea, jeung anu nyiptakeun surga katut dunya ieu. Yen manusa anu leuwih kawasa batan sato. Tapi ayeuna anjeun hayang bebas deui. Nya pek bae kuring moal ngahalang-halang ...!" Dunungannana ngaleupaskeun età kuda. Sagala anu napel dina awakna dilesotkeun. Kuda kacida atoheunnana. Biur bae kabur amprung-amprungan sakahayang. Harita kabeneran keur usum kembang, loba jukut anu harejo, cai cur-cor. Hayang nginum kari rot. Kuda ngarasa bagja dina kabebasannana. Tapi kaayaan kitu teh henteu lana sanggeus datang usum halodo anu entak-entakan. Jukut gararing, cai saraat. Manehna mimiti bungung. Beuteungna lapar euweuh dahareun. Sasatoan nu séjen mah dibawa ku dunungannana neangan dimana nu aya tegalan jeung cai. Kuda teh indit ngalalana neangan tempat anu aya dahareun. Tapi teu manggih, kalah beuki lungse balas leuleumpangan. Ari reup peuting kadenge gaur sora sato galak anu sarua keur kalaparan.

Dina hiji peuting keur meujeuhna caang bulan. Kuda nenjo aya domba hideung ngadeukeutan manehna. Tapi manehna ngambeu yen nu datang teh lain domba tapi ajag nu keur neangan mangsa. Kuda lumpat rek nyalametkeun dirina. Tapi ajag nu keur lapar leuwih tarik lumpatna batan kuda. Ajag teh rtgarontok kuda sawareh aya nu luncat kana punduk kuda bari ngegel. Kuda abrug-abrugan bari tetejeh. Tuluy gugulingan dina keusik. Ajag dikepeskeun tina tonggongna. Ajag lalumpatan ninggalkeun kuda. Kakara kuda ngarasa aman. Tapi aman teh ngan saheulaanan da masih keneh loba sato galak sejenna. Tina pundukna ngucur getih tapak huntu ajag. Kuda ngarasa nalangsa ingeteun ka dunungannana bari ngararasakeun kanyeri manehna sasambat. Tapi dunungannana duka teuing dimana.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Tapi ajag nu keur lapar leuwih tarik lumpatna batan kuda.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

"Emh, enya bae hirup teh senang keneh jeung dununga n. Baheula mah tara kacarita kurang dahar. Kacape leumpang mawa dununga n teu jiga kacape balas asruk-asruka n neanga n dahareun bari diudag-udag ku kasieun. Ah, rek diteanga n deui dununga n teh sugan bae kapanggih ..." Cek kuda dina jero hatena.

"Kapendak henteu pa dununganna na?!" Si Tamad nanya.

"Hanjakal harita bapa henteu aya di dinya, jadi bapa teh teu terang. Teu aya nu terang kalayan pasti. Tapi mudah-mudaha n bae kuda teh papanggih deui jeung dununganna na. Jeung mudah-mudaha n bae dununganna na daekeun narima bari nganampura ka kudana ...!"

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

10

HOTBAH IMAM HOJA (Turki)

Samemeh hotbah, imam Hoja nanya ka nu aya di Masjid tina mimbar.

"Para saderek kaum muslimin anu mukmin, sim kuring ngaharep keun para saderek sadaya balaka ka sim kuring, naha parantos uninga naon anu bakal dihotbahkeun dinten ieu?!" Imam Hoja nanya.

Kabeh nu aya di Masjid ngajawab yen saurang oge teu nyaho naon eusi hotbah. Rek kumaha bisana nyaho apan hotbahna oge can dimimitian.

"Oh, upami kitu mah kanggo naon atuh sim kuring nyarioskeun hiji hal anu aranjeun teu terang ..." Tuluy Imam-Hoja teh turun tina mimbar kaluar ti Masjid. Hadirin marolohok heraneun. Silih teuteup baturna. Tungtungna mah ting laleos baralik. Sawareh kukulutus sabab datang ka Masjid teh lain ngan saukur rek solat Juma'ahan tapi salian ti eta teh hayang ngadengekeun amanat tina Hotbah.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA



''Oh, upami kitu mah kanggo naon atuh sim kuring nyarioskeun hiji hal anu aranjeun teu terang ...''

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Minggu hareupna geus kumpul jalma-jalma anu rek Solai Juma'ahan. Maranehna aringeteun keneh kana kajadian minggu tukang, numatak ayeuna mah lamun engke imam Hoja nanya sarerea geus badami rek ngajawab geus nyaho. Anu solat Juma'ahan leuwih .loba tibatan minggu tukang. Hadirin geus teu sabar ngadagoan. Waktu Imam Hoja naek ka mimbar bari nanya ka para hadirin saperti minggu kamari. Hadirin bareng nyebutkeun geus nyaho.

"Oh, atuh upami kitu mah naon hartosna sami kuring masihan hotbah deui, mung nyeepkeun waktos wungkul mah!" Imam Hoja turun tina mimbar anu saterusna balik ka imahna. Hadirin beuki bingungeun. Dijawab kitu salah kieu salah. Minggu hareupna deui nu solat Juma'ahan kacida reana Masjid pinuh nepi ka emper-emperna. Hadirin geus nyaho akalna supaya imam Hoja mere Hotbah saperti biasa. Imam Hoja nanya saperti biasa. Ayeuna mah anu sawareh hadirin ngajawab geus nyaho, anu sawareh nga-jawab can nyaho. Maksudna ambeh Imam Hoja bingung-eun. Tapi ana pok teh Imam Hoja ngomong.

"Tah upami kitu mah, para saderek anu parantos uninga kedah masihan hotbah kanu teu acan uninga. Margi jumlah nu atos uninga sareng nu teu acan uningaeun ampir sami. Janten sim kuring mah teu kedah masihan hotbah deui...!" Imam Hoja turun tina mimbar tuluy balik ka imahna.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

10
JARUM ANU NGAGETER (Irán)

Dina hiji poe hiji Mullah atawa Guru anu ngaranna Nasr-ed-Din, keur luntang-lantung di pasar Isfahan anu pinuh kunu balanja. Manehna unggeuk ka kenca jeung ka katuhu unggal papanggih jeung nu wawuh. Pa Mullah resepeun pisan kana karamean pasar, sabab sok papanggih jeung nu tas nyabati Tabriz atawa ti Hamadan, malah sok aya nu nepi ka India atawa Mesir.

Di parapatan jalan nu ka pasar manehna nenjo jalma keur ngariung. Sihoreng keur ngariung-riung si Musa nu keur nyekel hiji barang aneh. Maranehna teu nyahoeun naon ngaranna eta barang teh, jeung naon gunana. Teu lila sirah Pa Mullah nu mak-e sorban nyolonong di tengah-tengah sirah nu sejen. Pa Mullah oge hayangeun nyaho naon sabenerna nu keur dirariung.

"Wilujeng enjing." Cek nu keur ngariung.
"Wilujeng enjing." Jawab Pa Mullah.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

"Kuring hoyong terang naon saleresna ieu barang teh, kuring percanten Pa Mullah tangtos uninga ..." Cek salah saurang nu aya di dinya.

"Waktos Musa nuju nunggang onta, ningali barang ieu ngagoler dina keusik ..." Cek Mustafa nerangkeun kajadiannana.

"Teras kuring teh turun tina onta bade ngabantun barang ieu. Kukuring dibantun ka pasar, cek emutan mamanawian aya nu terang naon saleresna barang ieu teh. Tapi teu aya saurang oge nu terangeun ..." Cek Musa.

"Bapa nu uninga sanes kanten, mugi kersa nerangkeun ka kuring sadaya ..." Cek Mustafa.

Pa Mullah Nasr-ed-Din neuteup eta barang nu buleud dijieun tina logam jeung kaca. Dina jero kotak teh aya jarum jeung aksara. Tapi nu pang anehna mah nyaeta jarumna nu ngageter. Sanajan kotak eta dibulak balik oge eta jarum teh angger nunjuk ka asal tadi. Pa Mullah mulak-malik eta barang bari mikiran naon ngaranna. Pa Mullah ngusapan janggotna sakumaha kabiasaannana ari keur mikir. Eta barang teh dibikeun-deui ka Musa.

"Naon eta teh Pa!" Cek nu ngariung nanya. Kabeh oge geus teu sabar hayang geura nyaho naon ngaranna. Maranehna ngarasa yakin yen Pa Mullah anu dianggap ku maranehna jalma anu sagala nyaho bakal bisa nerangkeun ka manehna anu tuna harti. Pa Mullah angger ngusapan janggotna. Ku sarerea di teuteup tapi Pa Mullah can pok bae. Nu ngariung kacida heraneunnana nenjo Pa Mullah ujug-ujug ceurik. Geus ceurik tuluy seuri. Kitu jeung kitu bae.

"Kunaon Pa Mullah nangis?!" Salah saurang nanya.

"Kunaon Pa Mullah gumujeng?!" Cek nu saurang deui.

"Kuring rek nerangkeun naon sababna kuring ceurik jeung seuri!" Pa Mullah jangji. Nu aya di dinya beuki ngadeukeutan Pa Mullah. Sarua pada hayang nyaho naon anu bakal diomongkeun ku Pa Mullah. Awewe nu keur balanja

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

geuw-at nutupan beungeutna ku tiung api-api balanja deukeut nu ngariung.

"Kuring ceurik, sabab di antara aranjeun euweuh saurang oge anu nyaho naon ngaranna. Hartina kabeh oge barodo, teu boga pangarti. Kuring era nenjo aranjeun nu euweuh kanyaho ..." Pa Mullah neuteup saurang-saurang jalma nu aya di dinya. Nu diteuteup ting balieus kaeraan. Katut ka budak oge era pedah teu nyaho naon-naon. Awewe-awewe ngarenghap tukangeun kurudungna ngarasa dirina teu aya kanyaho salían ti ngurus rumah-tanggana. Teu heran upama Pa Mullah ngarasa era yen di Kota Isfahan anu kasebutna kota gede jalma-jalmana barodo.

"Lajeng naon margina Pa Mullah gumujeng?!" Mustafa nanya.

Pa Mullah seuri deui.

"Kuring seuri, sabab kuring oge teu nyaho naon sabener-na eta barang teh."

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

10
BUNTUT ORAY NAGA ST. GEORGE (Libanon)

Pater Hanna teh hiji jalma anu ta'at pisan kana ibadahna. Manehna kawilang jalma anu basajan di kampung anu lolobana nganut Agama Kristen. Leur ngorana digawe jadi tukang nyieunan sapatu. Kusabab manehna wungkul anu pangheulana bisa maca jeung nulis atuh ku urang dinya teh dijieun imam. Pagaweannana nu baku mah lur bae ditinggalkeun. Tapi kanyahona dina bag-bagan agama can pati lega. Età bae anu ku manehna dianggap bisa teh ngan semet Do'a Littergi, Pater Noster jeung Credo. Keur minangka nyumputkeun kakurangan kanyahona dina bag-bagan agama, manehna sok mindeng pisan ngadongengkeun hiji riwayat ka umat Kristen bari kaleuleuwihi. Ari keur nu barodo jeung pondok kanyahona mah percaya bae kana sagala nu dicaritakeunnana teh. Ngan ari keur nu otakna pinter mah, hai saperti kitu teh nimbulkeun kurang percaya ka nu mere hotbah. Nya di antara urang Kampung età teh aya hiji pamuda anu kawilang pinter malah manehna teh anak

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Kepala Kampung. Ngarana Elias. Ku pinter-pinterna manehna disakolakeun di Beirut cicingna di Asrama. Basa usum halodo Elias mulangka lemburna. Kungsi papanggih jeung Pater Hanna. Pater Hanna manghanjakalkeun pedah Elias sanggeus sakola di Beirut, tara pisan ka Gereja. Cek pamikir Pater Hanna ieu teh bisa nimbulkeun teu hade ka barudak sejen. Hiji waktu ditanya ku Pater Hanna.

"Anaking, kunaon geuning tara ka Gereja? Sok sieun soteh pangarti ladang sakola teh bakal ngurangan kaimanan ...!" Cek Pater Hanna ngageuing ka Elias. Elias mere alesan anu rupa-rupa. Tapi manehna oge sadar yen alesannana kurang kuat. Pater Hanna ngadenge alesan Elias kitu ngan saukur neuteup bari teu lemek. Tungtungna balaka bae Elias teh.

"Saleresna Pater, kuring teh teu resep ngadenge carita anjeun anu sok kaleuleuwihi ...!" Omong Elias.

"Oh, jadi ngan sakitu alesannana. Sabenerna eta teh kusabab sakola kuring ngan semet di kampung ieu. Lamun kuring ngomóng anu kaleuleuwihi eta oge nurutkeun kapercayaan kuring. Tapi kusabab ayeuna anjeun mah geus sakola di Kota, geus tangtu pangarti oge leuwih luhur batan kuring. Tah ayeuna kuring menta supaya anjeun datang ka Gereja. Tah lamun kuring nyarita kaleuleuwihi anjeun kudu ngelingan ku isarah, ambeh kuring bisa ngomean diri sorangan!"

Elias nyanggupan. Dina poe Minggu Elias indit ka Gereja. Manehna milih tempat anu panghareupna lempengan pisan jeung Pater Hanna. Kabeneran poe eta teh keur mieling St. George. Ambeh ngeunaan kana mieling St. George Pater Hanna milih carita ngeunaan St. George jeung oray Naga dina Hotbah ieu.

Pater Hanna ngamimitian mere Hotbah; "Anaking, sakumaha anu dicaritakeun dina lalakon St. George, oray St.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

George panjang buntutna wungkul aya ti dieu ka Mesir ...!" Pater Hanna neuteup ka Elias.

"Ehem!" Elias ngadehem, mangrupa isarah anu geus dibadamikeun.

Pater Hanna sadar haftina caritana masih keneh kaleuleuwihi. Tuluy bae mikirkeun tempat anu leuwih deukeut ti Mesir.

"Lamun panjangna henteu nepi ka Mesir atuh sakurang-kurangna oge ti dieu nepi ka Gaza ...!" Pater Hanna nuluykeun dongengna. "Ehem!" Elias ngadehem deui.

"Lamun panjangna henteu nepi ka Gaza, buntut naga eta teh sarua jeung ti dieu ka Darussalam!"

"Ehem!"

"Lamun teu sapanjang ti dieu ka Darussalam, sakurang-kurangna ti dieu ka Beirut ..!"

"Ehem!"

"Lamun teu sapanjang ti dieu ka Beirut, tah atuh nepi ka Juneh!"

"Ehem!" Elias angger ngadehem. Padahal Pater Hanna kurang kumaha mondokan buntut naga. Sanajan kumaha oge Pater Hanna moal rek mondokan deui eta buntut naga. Manehna geus beak kasabaran. Atuh da unggal pok, Elias angger ngadehem.

"Enya ti dieu ka juneh!" Ngomongna ditarikeun.

"Ehem!" Elias ngadehem deui. Pater Hanna neuteup Elias bari geregeteun. Ngan sakuat tanaga nahan eta perasaan. Manehna api-api sabar.

"Anaking, lamun kahayang anjeun eta oray teh euweuh buntutan. Pek sakahayang anjeun, euweuh buntutan!"

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA



RIWAYAT HIRUP

Tien Kustini Maskar lahir di Ciamis ping 5 bulan Agustus taun 1953, tamatan SPG Negeri taun 1972, mimiti diangkat Guru Sakola Dasar taun 1975, nepi ka kiwari pisan masih ngawulang di Sakola Dasar Sukajadi III Kabupaten Ciamis. Sajabaning ngawulang di Sakola Dasar, manehna ngajar dina elmu bidang Studi PMP, Seni Rupa, Katerampilan, jeung Perpustakaan, husus dina bidang Seni Rupa dikembangkeun ngajurus kana Seni Relief.

Mimiti nulis samemehna ngawulang di Sakola Dasar, kungsi nulis Carpon dina koran Pikiran Rakyat jeung majalah Mangle.

Pikeun nambah elmu Tien Kustini Maskar asup jadi anggota Perpustakaan Kabupaten Ciamis, jeung kungsi mang meunangkeun Tropy Juara II Minat Baca tingkat JABAR taun 1986 Golongan Perorangan Wanita.

BP — 1.0025 — 85

ISBN 979 — 407 — 134 — X